МКОУ « Ленинаульская СОШ № 1 имени героя Советского Союза Х. Нурадилова»

| Согласовано: | Утверждаю: |
| --- | --- |
| зам. дир. по УР<br>Джамалдинова З.Ш.<br><br>« 26» август 2023г. | Директор МКОУ « ЛСОШ № 1»<br>Аскендерова Х.Н.<br>Протокол пед.совета №__198__<br>«_26_» август 2023 г. |

# Рабочая программа
# по родной (аварской) литературе
# для 6 класса

## учительницы родного языка и литературы
## Магомедалиевой Б.У.

2023 – 2024г.

## Программаялъе баян

Художествияб адабияталъ к1удияб кумек гьабула кинабго рахъ камилав инсан куцазе, г1агараб халкъалъул рух1ияб бечелъиялъул кьуч1алда г1олилазе тарбия кьезе.

Гьединлъидал школалда малъизе т1аса рищун руго ц1алдохъабазе мустах1икъал, маг1наялъул ва мац1алъул рахъалъ щвалде щварал авар литератураялъул ва вацлъиялъул миллатазул цо-цо асарал. Гьезда т1ад х1алт1улаго, лъималазда лъазе ккола художествиял асаразул анализ гьабизе, гьезие бит1араб къимат кьезе ва адабияб теориялъул к1вар бугел баяназдаса пайда босизе, гьелдаго цадахъ гьезие рагьизе ккола художествияб каламалъул пасих1лъи ва гьварилъи.

**Раг1ул устарлъиялъул асарал малъи ккола адабияб курсалъул аслияб рахълъун.**

**Малъиялъул мурадлъун ккола** раг1ул устарлъиялда лъимал хадур гьезари, камилал художествиял асаразда гъорлъе раккизе ругьун гьари, пасих1аб сипатияб каламалъул тату лъаялде гьел рачин, гьелъул кьуч1алда асаразулъ рихьизарурал жамг1иял гьоркьорлъабаздалъун, г1адамазул г1амал –хасиятаздалъун авторасе абизе ва бихьизабизе бокьараб аслияб пикру рагьиялде ва бич1ч1иялде рач1ин.

Адабияб курсалда жаниб хасаб бак1 ккола Ват1ан хиралъиялъул, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи кквеялъул, дунялалдаго зах1матхалкъалъул мурадал ц1униялъул асар ц1алдохъабалъ куцаялъ.

Адабияталъул дарсаз лъимал т1амула миллатазул адаб-х1урмат гьабизе. Гьеб мурадалъе г1оло ц1алдохъабаз лъай-хъвай гьабула цогидал миллатазул адабияталдаса авар мац1алде руссинарурал лъик1ал асаразулгун.

Лъайгун тарбия кьеялъул масъалабиги, ц1алдохъабазул г1елалъулаб х1албихьиги х1исабалде босун, **авар мац1алда литератураялъул курс г1уц1ун буго 2012 соналда басмаялда бахъараб ва Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул ва г1елмуялъул министерствоялъ тасдикъ гьабураб Дагъистаналъул Тахо-Годил ц1аралда бугеб педагогикияб г1елмиябгун ц1ех-рехалъулаб институталъ г1уц1араб «Авар ва Дагъистан адабият программалъул» кьуч1алда.**

**МКОУ «ЛСОШ№1» лъайкьеялъул идараялъул планалда рекъон, авар адабият малъиялъе 6 абилеб классалда бихьизабун буго 1 саг1ат. Кинабниги лъаг1алие – 34 саг1ат**

6 абилеб классалъе ц1алул материал кьун буго тарихиябгун-тематикияб ва жанразул тартибги ц1унун. Гьениб х1исабалде босун буго байбихьул классазда ц1алул дарсазда лъималазе щвараб х1албихьи ва гьениб лъураб кьуч1алда г1уц1ула хадубккун литературияб ц1али.

6 абилеб классалъе малъизе программаялда рихьизарун руго лъайгун тарбия кьеялъе лъик1ал ресал ругел, рич1ч1изе бигьаял, художествияб рахъалъ щвалде щварал халкъияб к1алзул гьунаралъул, авар адабияталъул ва вацлъиялъул миллатазул хъвадарухъабазул т1аса рищарал асарал.

**Гьаб программаялъул аслияб т1алаб**: адабияталде лъималазул рокьи базаби; чвахун ва пасих1го ц1алиялъул бажари камиллъизаби; малъулел асаразул гъварилъилъуде раккизе ва аслияб пикруялда хадур гъезе к1везелъун, анализалъе авалияб роцада лъимал ругьун гьари ,т1ахьал ц1ализе гьира-шавкъ бижизаби.

**6 классалъе т1аса рищарал асараз рес кьола** ц1алдохъабазул г1умруялъул х1албихьи бечед гьабизе, сипатияб каламалъул лазат босизе лъималазда малъизе, гьезулъ рух1ияб сахаватлъи куцазе, г1умруялда дандч1валел г1емерал лъугьа-бахъиназе бит1араб къимат кьезе ругьун гьаризе.

**Щибаб классалъул курс г1уц1ун буго**, тарихиябгун тематикияб тартибги ц1унун. Гьелъ рес кьола лъималазул лъай г1амлъизабизе, литературиял асаразда кколел лъугьа-бахъинал ч1ванкъот1араб тарихияб заманалда хурхарал рук1ин ц1алдохъабазда бич1ч1изабизе, ва гьезда бихьизабизе гьел асаразда жаниб бат1и-бат1ияб тарихияб заманалъул г1адамазул г1умруги г1амал-хасиятги ва рук1а-рахъинги гвангъун цебеч1езабун бук1ин; гьелдаго цадахъ лъималазе рагьула жакъасеб къоялдаги гьел м алъулел асаразул бугеб к1вар; гьанжесеб г1умруялъе бит1араб къимат кьун бажаруларо, аралде данде кквеч1ого.

Программаялда мух1канго ч1езарун руго лъималазда лъазе кколел литературияб теориялдаса баянал. Теориялдаса авалиял баянал кьезе байбихьула 5 классалда, хадубккун гьезул сиях1 ц1ик1к1инабизе, малъарал гъварид гьаризе х1исабалде росун руго. Асаразул анализ гьабулелъул, ц1алдохъабаз теориялъул баяназдаса г1ат1идго пайда босизе ккола.

Раг1а-ракьанде щун, адабияб лъай кьеялъул масъала т1убан бажаруларо, г1ат1идаб къаг1идаялъ класстун къват1исеб ц1али г1уц1ич1ого. Гьединлъидал, чара гьеч1ого, т1убазе ккола класстун къват1исеб ц1алиялъул программаги.

Гьезда т1асан гара-ч1вари гьабизе хасал дарсалги рихиьизарун руго. Муг1алимасда т1адаб буго ц1алдохъабазе ц1ализе кьезе цох1о рихьизарурал гурелги, ахираб заманалъ басмаялде рахъарал, критиказ рецщарал ц1иял асаралги.

**Программаялда кьун буго к1алзул ва хъвавул калам цебет1езелъун т1орит1изе кколел х1алт1абазул къадар.**
Гьел х1алт1аби щулаго рухьарал руго адабиял асарал малъиялда. Гьединлъидал лъималги ругьунлъула сипатияб каламалде, поэтазул, хъвадарухъабазул пасих1аб мац1алде, раг1аби дандразе, хабар г1уц1изе, маг1наялда рекъараб форма батизе, жидерго пикру къокъго ва баянго загьир гьабизе. Гьелдалъун асаразул анализ гьабизеги, гьезие къимат кьезеги ц1алдохъабазул бажари борхула.

**Программаялда ч1езабун буго, адабияталъул курс малъулаго, лъималазе щвезе кколеб лъаялъул ва лъугьине кколеб бажариялъул мух1канаб г1урхъи-рахъ.** Лъазе ккола малъулел асаразул х1асил бицине, щибаб классалъул программаялда кьурал литературияб теориялъул баяназдаса г1ат1идго пайда босизе, программаялъ т1адаллъун гьарурал текстал рек1ехъе ц1ализе.

**Ругьунлъиялъулгун бажариялъул т1алабал к1ийиде рикьун руго:**

1. Асаралъул анализ гьабун ва гьелъие къимат кьун бажари;
2. Калам г1уц1ун бажари.

Программаялда бихьизабун буго щибаб художествияб асар малъизе бикьун кьураб ц1алул заман.

## 6 классалда адабиял темабазда т1орит1улел к1алзулал ва хъвавулал х1алт1абазул аслиял тайпаби

Художествиял асарал яги гьезул кескал пасих1го ц1али, гьезда гъорлъ рек1ехъе лъазаруралги.

Ц1алдохъабазул жидерго зах1маталъул, гьез жамаг1аталъе гьабулеб пайдаяб х1алт1иялъул бицарал сочинениял хъвай.

К1удияб гуреб хабарияб асаралъул, яги къисаялъул цо бут1аялъул план г1уц1и.

К1алзулаб каламалдалъун сурат цебеч1езабизе. Басня сценаялъе къач1ай.

Багьадураздехун, гьезул ишаздехун бижараб жиндирго пикруги загьир гьабун (бицун), жинцаго ц1аларал асаразе, телдевизоралдасан яги киноялда рихьизарурал фильмабазе къимат кьей.

## Авар мац1алъулгун бухьен

Сочинениялъе х1ажатаб материал тартибалде ккезаби. Жубараб план г1уц1и. г1адамазухъа ккарал ишазул х1акъалъулъ изложение хъвай.

## Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъан 6 классалъул ц1алдохъабазда цере лъолел аслиял т1алабал

**Ц1алдохъабазда лъазе ккола:**

- лъазарурал асаразул ва гьезул авторазул ц1арал;
- лъазарурал адабиял терминал, багьадурасул ва т1абиг1аталъул сурат, гипербола, аллегория, кидагосеб эпитет;
- программаялда рек1ехъе, лъазаризе рихьизарурал текстал.

**Ц1алдохъабазухъа бажаризе ккола:**

- Минуталда жаниб 100-110 раг1и кколеб хехлъиялда лъазарурал текстал раг1ун, рит1ун ва чвахун ц1ализе;
-лъазабураб асаралдаса хасал лъугьа-бахъинал рат1а рахъизе;
-лъазабулеб асаралда жанир кколел лъугьа-бахъиназда гьоркьоб заманияб асаралдаса хасал лъугьа-бахъинал рат1а рахъизе;
-лъазабулеб асаралда жанир кколел лъугьа-бахъиназда гьоркьоб заманияб ва г1илла-мурадияб бухьен ч1езаби;
-лъазабулеб асаралъул тексталда жанир сипатиял раг1аби ратизе;
-лъазабулеб асаралъул багьадуразул ишазде балагьун, гьезул г1амал-хасияталъул бицине;
-художествиял, рич1ч1изе бигьаял г1елмиял текстал рит1ун, чвахун, раг1ун ц1ализе;
-художествиял асарал пасих1го ц1ализе;
-гьит1инаб асар яги к1удиялъул кесек изложение х1исабалда бицинеги хъвазеги;
-зах1маталъул темаялда сочинение хъвазе;
-хабарияб асаралъул, яги гьелъул цо бут1аялъул план г1уц1изе;

-асаральул багьадураздехун ва лъугьа-бахъиназдехун лъугьараб бербалагьи загьир гьабун, жинцаго ц1аларал асаразе къимат кьезе.

Асарал лъазаризе - 25 саг1ат
Калам цебет1езабизе – 3 саг1ат
Класстун къват1исеб ц1али бачине – 3 саг1ат
Халгьабиялъул х1алт1и – 2 саг1ат

**Байбихьи**

Адабияталъ художествияб къаг1идаялда г1умру бихьизаби.

## Халкъияб к1алзул гьунар

**«Къайицадахъал» (1 саг1ат)**

Рак1 бащалъи, чехь бащалъи – гьудуллъиялъул кьуч1. Хиянатчи, гьереси – гьудуллъиялъул тушман. Х1алт1уларев чиясул х1алихьалъиги, хиянатги, макруги камулареблъи царал мисалалдалъун бихьизаби. Халкъалъ чиясе къимат х1алт1ухъ балагьун кьолеб бук1ин.

***Адабияталъул теория.*** Х1айваназул х1акъалъулъ маргьаби (баян).

**«Ралъдал чу» (1 саг1ат)**

Гьунар ц1ик1к1арасул ц1ар гьаби. Лъик1аб чу бах1арчиясда гурони квегъизе к1унгут1и. гьит1инав вацасул гьунарал. Ахиралде гьит1инав вац талих1авлъун вахъиналъе г1илла. Жах1да-х1усуд какун бугеб куц. Миккиясалъул ц1одорлъи. Ханасул хъант1и ва гьелъул х1асил. Бах1арчилъи гьабич1ого, г1олохъанчи мурадалде щунгут1и. маргьаялда колел г1ажаибал лъугьа-бахъинал.

***Адабияталъул теория.*** Халкъиял к1алзул асаразул аслиял тайпаби (маргьаби, куч1дул, кицаби, абиял, бицанк1аби) такрар гьари. Г1ажаибал маргьабазул х1акъалъулъ баян г1ат1ид гьаби. Гиперболаялъул ва кидагосел эпитетазул х1акъалъулъ баян.

**«Муг1рузул Г1али» ( 1 саг1ат)**

Бугьтан лъей, мац1ихъанлъи – инсанасул бищун квешаб г1амал. Загьруял борхьазда мац1ихъаби релълъинариялъе г1илла. Лъадул яц1ц1алъи, х1алимлъи, рух1г1ан Г1али вокьулев вук1ин бихьизабулел сипатиял раг1аби. Коч1олъ гаргаралъул к1вар. Талих1аб хъизан балагьалде т1амуразе коч1олъ кьун бугеб къимат.

***Адабияталъул теория.*** Кидагосел эпитетал.

## Хъвадарухъабазул маргьаби ва къисаби

**Г1умарх1ажи Шахтаманов. «Халкъалъул ццин» (2 саг1ат)**

Ват1аналъул хиянатчи – халкъалъул тушман. Боц1уда хъант1иялъ чи вачунеб бак1. Маг1арул халкъалъул ях1-намусалъул байрахълъун Заг1алги Г1азизги рихьизари. Чанхъи-рогьоялъул мугьру. Поэмаялъул мац1. Хиянатчиясда «Чанхъи» - ян ц1ар теялъе г1илла. Хиянатчи халкъалъул тамих1алдаса ворч1унгут1и.

***Адабияталъул теория.*** Коч1ол къот1елалъул (строфа) х1акъалъулъ авалияб баян.

***Адабияталъул теория.*** Халкъиял маргьабаздаги хъвадарухъабаз ургъараздаги гьоркьоб бат1алъи.

## Х1Х г1асруялъул адабият

**Инхоса Г1алих1ажияв. «Рицинин цо харбал». «Кицабиял алфазал» (1 саг1ат)**

**Мах1муд. «Рек1елъ иях1 бугев...» (1 саг1ат)**

Чияр зах1мат кваналел макруял чаг1азул къасдал къват1ир ч1вазарулеб ругел куц. Ц1ияб г1умру т1аде щолеб бук1ин бихьизабизе шаг1ирас х1алт1изарулел ругел сипатиял раг1аби. Коч1ол сатирикияб мац1. Эпитетазул к1вар.

## Дагъистаналъул халкъазул адабияталдаса

**Батирай. Бах1арчиясул куч1дул «Жамав ханасул илхъи цо дуцаго хъамулев...», «Варакъалъул жалги ккун...», «Рагъ-кьал т1аде бач1ани...», «Бах1арчияв инсуе...», «Ч1аго таги бах1арчи...», «Ц1ар раг1арав бах1арчи...» (1 саг1ат)**

Шаг1ирасул г1умруялъул ва коч1охъанлъиялъул х1акъалъулъ къокъаб баян.
Батирайил заманалъул Ват1ан ц1униялъул бук1араб к1варги ц1арги. Нусгоясде данде ккун цох1о живго вагъулев бах1арчиясул романтикияб сипат ва гьелъул к1вар.
Батирайил коч1олаб каламалъул гъварилъи, г1адатлъи ва къокълъи.
***Адабияталъул теория.*** Метафоралъул х1акъалъулъ авалияб баян.

**Йирчи Гъазахъ. «Икъбал» (1 саг1ат)**

Шаг1ирасул г1умруялъул ва гьесул заманаялъул х1акъалъулъ къокъаб баян.
**«Икъбал».** Бечелъиялде балагьун, чиясул къаду борцунеб социалияб г1уц1иялде авторас г1унт1изабулеб г1айиб.
Бах1арчилъиялде, гьунаралде, г1акълу – лъаялде балагьич1ого, г1арац ц1ик1к1арасул ц1ар гьабулеб бук1иналдаса шаг1ирасул пашманлъи.
**«Сибиралдаса кагъат».** Ват1анги тезабун, Сибиралде рит1арал дагъистаниязул кьог1аб г1умруялъул сурат цебеч1езабун бугеб куц. Туснахъ къот1аразул рижараб ракьалъухъ урхъи.
Зулмуяб х1укуматалде дандеч1еялъул бакънал коч1олъ загьирлъи.

## ХХ г1асруялъул адабият

**Ц1адаса Х1амзат. «Пилги ц1унц1раги», «Маймалакги ц1улал устарги» (3 саг1ат)**

**«Пилги ц1унц1раги».** Жиндирго къуваталде мугъч1вайги гьабун, ч1ух1и бихьизабураб Пилалъул мисалалдасан шаг1ирас г1адамасулъ рекъеч1еб пахруяб ч1ух1и какулеб бугеб куц.

Баснялъул насих1ат.

**«Маймалакги ц1улал устарги».** Баснялъул аслияб маг1на – жиндир гуреб иш т1аде босарав чи сурулеб куц бихьизаби. Маймалакалъул г1амал бугел г1адамазда гвангъараб мисалалдалъун Х1амзатица реч1ч1улеб сатираялъул ч1ор. Кколареб ва жинда лъалареб иш гьабулев чиясул г1амал жиндаго багъи.

Баснялъ кьолеб г1акълу.

***Адабияталъул теория.*** Баснялъул х1акъалъулъ баян. Аллегориялъул х1акъалъулъ бич1ч1и.

**Заид Х1ажиев. «Х1анч1ик1к1ал», «Цакьуги циги» (2 саг1ат)**

**«Х1анч1ик1к1ал».** Эркенаб цадахъаб зах1мат талих1-рохелалъул кьуч1 бук1ин х1ор бахъарал х1анч1азулги х1алт1удаса нахъе к1анц1араб Гагулги мисалалда бихьизабун бугеб куц. Ц1одораб т1инч1 х1анч1алъе ин ва цадахъ х1алт1иялдаса щвараб рохел. Гагуялъул макрулъи. Х1анч1азул эркенаб зах1матги Гагул пахрулъиги бихьизабизе авторас х1алт1изарурал сипатиял раг1аби..

Т1абиг1аталъул сурат цебеч1езабизе шаг1ирасул махщел.

**«Цакьуги циги».** Рек1елъ чаран бук1ин чилъиялъул аслияб шарт1 кколеблъи Цакьулги Цилги мисалалдалъун шаг1ирас загьир гьаби. Цилги Цакьулги хасият – г1амал рагьулел сипатиял раг1аби. Баснялъул насих1ат.

***Адабияталъул теория.*** Метафораялъул х1акъалъулъ бич1ч1и жеги гъварид гьаби. .

**Ражаб Дин-Мух1амаев. «Хиянатчи» (3 саг1ат)**

Ват1аналде къо ккараб мехалъ, нахъе къан ч1арав чиясул рогьояб г1умру ва гьелъул кколеб инжитаб ахир. Ват1аналъе хилиплъарав чияс жиндирго г1агарлъи, йокьарай яс учузго ричулеб куц. Хиянаталде Мух1амадил нух. Хъвалис Х1амзат – жанисел тушбабазул цо тайпа. Багьадураздехун ва гьезул ишаздехун авторасул бугеб бербалагьи загьир гьарулел эпитетал, дандекквеял, метафорал ва гьезул к1вар.

***Адабияталъул теория.*** Хабариял асаразул тайпаби. Хабар. Къиса.

**Расул Х1амзатов. «Россиялъул солдатал», «Къункъраби» (3 саг1ат)**

**«Россиялъул солдатал».** Поэмаялъе кьоч1ое босараб х1акъикъат. Халкъазда гьоркьоб гьудуллъи. Г1адамазе Ват1аналъул хиралъи. Рагъухъабазул бах1арчилъи, рух1ияб бечелъи, тушманасдаса бергьун гурони, къун ч1езе к1унгут1и. г1абдулманаповасул рух1ияб бечелъи рагьизе шаг1ирас х1алт1изарулел сипатиял раг1аби. Гаргаралъул к1вар.

**«Къункъраби».** Ват1аналъул намус – ях1 ц1унун рагъарал, х1алт1арал бах1арзазе сайгъат гьабураб кеч1. Г1адан хиралъиялъул т1адег1анаб асар загьир гьабун, авторасда ратарал сипатиял раг1аби.

***Адабияталъул теория.*** Метафоралъул х1акъалъулъ бич1ч1и гъварид гьаби.

**Х1усен Х1ажиев. «Г1алибегил къулг1а» (1 саг1ат)**

Г1алибегилги гьесул ч1ужу Айизалги г1аданлъи, рек1ел сахаватлъи, адаб-х1урматгун г1адан к1одо гьави. Г1адамазе жив х1ажат вук1иналдаса Г1алибегил ч1ух1и. херав маг1аруласул г1амал – хасият. Сверухъ бугеб т1абиг1аталдехун гьесул бугеб рокьи ва

т1алаб. Г1алибегица чанил ц1ц1е хвасар гьаби. Иццуда «Г1алибегил къулг1а» абураб ц1ар лъеялъе г1илла.
Харбил пикруялъул гъварилъи.

**Мух1амад Г1абдух1алимов. «Госпиталалъул вас» (2 саг1ат)**

Х1амзатилги Сахратилги гьудуллъи ккей. Лъукъарал солдатаз Х1амзатил эбелалъул х1урмат гьаби. Дзгуевас васасе орден кьей. Капитан Симоновги Х1амзатги. Эбел фронталде иналъе г1илла. Орден бикъи. Эбелалъул кагъат бач1ин. Х1амзат фронталде лъути.
Ват1аналъе хилиплъи – к1удияб такъсир – къисаялъул аслияб пикру.
***Адабияталъул теория.*** Асаралъул г1уц1иялъул (композициялъул) х1акъалъулъ авалияб баян. Къисаялъул х1акъалъулъ баян гъварид гьаби.

## Рек1ехъе лъазаризе.

**«Муг1рузул Г1али»** (ахирияб бут1а)
Мах1муд. **«Рек1елъ иях1 бугев».**
**Инх.Г1алих1ажи «Кицабиял алфазал»**
**Батирай «Бах1арчиясул х1акъалъулъ»**
Ц1адаса Х1амзат. **«Пилги ц1унц1раги».**
Эфенди Капиев. **«Маг1арухъ чвахунц1ад».** (Ц1ад къот1ун хадуб, т1абиг1аталъул берцинлъиялъул бицунеб бут1а).
Расул Х1амзатов. **«Къункъраби».**

## Календариябгун – тематикияб план

| № | Дарсил тема | Саг1ат | Дарсил аслиял мурадал | Халгьабиялъул къаг1ида | Рокъобе х1алт1и |
|---|---|---|---|---|---|
| **1 четверть – 8 саг1ат**<br>*Асарал лъазаризе – 6 саг1ат*<br>*Класстун къват1исеб ц1али – 1 саг1ат*<br>*Калам цебет1езаби – 1 саг1ат* | | | | | |
| ***Халкъияб к1алзул гьунар*** | | | | | |
| 1 | Адабияталъ художествияб къаг1идаялъ г1умру бихьизаби. Халкъияб маргьа «Къайицадахъал» | 1 | Халкъиял асаразул х1акъалъулъ лъай г1ат1ид гьаби; халкъиял маргьаби кинал асарал колел рак1алде щвезари; «Къайицадахъал» маргьаялъулъ х1алт1уларев х1алихьатав чиясул хасият рагьун бугеб куц бихьизаби; гьудуллъиялъулъ рек1к1алъе бак1 гьеч1олъи бич1ч1и | К1алзулаб калам бит1ун г1уц1и, гара-ч1вариялъулъ жигараб г1ахьаллъи бихьизаби | Гь 3-6, ч1е-г1ерхъварал баянал рек1е-хъе лъазе. «Къайицадахъал» къокъаб х1асил бицине лъазе |
| 2 | Г1ажаибаб маргьа | 1 | Г1ажаибал маргьабазул | «Къайица- | «Ралъдал чу» |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | «Ралъдал чу» | | х1акъалъулъ лъай г1ат1ид гъаби; г1ажаибал маргъабазул хаслъи бихьизаби; бах1арчиясул халкъалъ къимат гъаби ва х1алихьатасул гьезие рокьукъльи текстальулъ бихьизабун бугеб куц баян гьаби. | дахъал» маргьаялъул къокъаб х1асил бицин; суалазе жавабал | т1убанго ц1ализе, хадур къурал суалазе жаваб лъазе;художествияб анализ гьабун бажаризе |
| 3 | Халкъияб кеч1 «Муг1рузул Г1али» | 1 | Халкъияб коч1ол х1акъалъулъ лъай г1ат1ид гьаби; «Муг1рузул Г1али» асаралъулъ инсанасул хасияталъул цо рахъалъе гьабун бугеб сипат, гьеб квешаб г1амал бук1ин бихьизабиялъул к1вар; нилъерго г1амал куцазе худ.асаразул бугеб пайда рагьи. | Текст бут1абазде бит1ун бикьи; художествияб анализ гьаби; тексталдаса сипатиял раг1аби рищи; ц1алуда нахъе ккараз карточкаби, тестал т1урай | *Р.соч.* «Мац1ихъанлъи-ч1ег1ераб балагь»; «Муг1рузул Г1али» ахирияб бут1а рек1ехъе лъазе |
| 4 | Халкъиял асаразул тайпаби. Гипербола ва кидагосел эпитетал | 1 | Халкъиял асаразул тайпаби лъай, гьенир х1алт1изарулел сипатиял раг1абазул маг1на рагьи; гиперболаялъу ва кидагосел эпитетазул х1акъалъулъ баянал лъазе; цоцазе кумекалъулаб асар ц1ик1к1инаби | Къокъабазда гьабураб х1алт1ул (цере малъарал асаразулъ сипатиял раг1аби ва гьезул к1вар)хал гьаби | Гь. 27-30 Суалазе жавабал лъазе |
| ***Хъвадарухъабазул асарал*** | | | | | |
| 5 | Г1умарх1ажи Шахтаманов «Халкъалъул ццин» | 2 | Литературиял ва халкъиял асаразул бат1алъи лъазе; Г1.Шах-л х1акъалъулъ авалияб баян кьей; «Халкъалъул ццин» асаралда ц1аралъул маг1на рагьи; сипатияб рахъ рагьи, аслияб пикру бич1ч1и; кколеб интонациялда кеч1 ц1алун ругьунлъи | Карточкаби, суалазе жавабал | Цебе малъараб материал такрар гьабизе; «Халкъалъул ццин» асаралъул х1асил лъазе, хадур къурал суалазе жавабал гьаризе |
| 6 | ***Калам цебет1езаби Сочинение*** «Халкъиял асарал» | 1 | Халкъиял асаразда т1асан лъай борцин; жалго жидедаго х1алт1иялъул бажари лъадари | Сочинениялъул х1асил | Халкъиял маргьаби «Вацги яцги», «Цилг1ин», «Церги чакъалги» ц1ализе, х1асил лъазе (класс къокъабазде рикьун, ц1ализе кьела) |
| 7 | ***Класстун къват1исеб ц1али*** | 1 | «Вацги яцги», «Цилг1ин», «Церги чакъалги» | Къокъазда маргъабазул | Ц1 Х1амзатил кодоре |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Маргъаби «Вацги яцги», «Цилг1ин», «Церги чакъалги» | | асаразул маг1на рагьи; гьезулъ инсанасе дарсил рахъал рагьи; къокъабазда х1алт1иялъул бажари цебет1ей | тематикияб ва идеяб рахъ рагьиялъул х1аракат | щварал маргъаби ц1ализе («Царал бикьи», «Зах1маталъул х1инч1ги ч1ух1араб рузги») |
| **2 четверть – 7 саг1ат**<br>*Асарал лъазаризе – 5 саг1ат*<br>*Класстун къват1исеб ц1али – 1 саг1ат*<br>*Калам цебет1езаби – 1 саг1ат* | | | | | |
| ***XIX г1асруялъул адабият*** | | | | | |
| 8 | Инхоса Г1алих1ажи «Рицинин цо харбал». «Кицабиял алфазал» | 1 | 19 г1асруялъул г1умру цебе ч1езаби; Г1алих1ажил х1аракаталъул лъай гъварид гьаби; гьесул кицабиял алфазазулъ ва «Рицинин цо харбал» кеч1алъул идеяб маг1на бич1ч1и; жутазда (парабазда) х1алт1и цебет1ей | Х1ай «Суалазе жавабал» (кьеразе суалал кьей ва бит1араб жавабалъухъ кьералъулазе 1-1 балл), жутазда х1алт1иялъул (Г1-л асаразулъ сипатияб мац1) х1асил | «кицабиял алфазал» рек1ехъе лъазе |
| 9 | Мах1муд «Рек1елъ иях1 бугев…» | 1 | Мах1мудил х1аракаталъул лъай г1ат1ид гьаби; «Рек1елъ иях1 бугел…» кеч1алъул аслияб пикру: чияр зах1мат кваналезул кверщиликьа рорч1изе ккей бич1ч1изаби; революциялъул х1акъаикъат лъай; коч1ол г1уц1иялъулаб анализ гьаби | Г1алих1ажия сул кицаби рек1ехъе рицин; коч1ол г1уц1иялда т1асан жалго жидедаго ч1ун х1алт1и | М. «Рек1елъ иях1 бугев» рек1ехъе лъазе; Ц1.Х1амзатил «Царал бикьи»,«Зах1маталъул х1инч1ги ч1ух1араб рузги» рак1алде щвезабизе |
| 10 | ***Класстун къват1исеб ц1али*** Ц1.Х1амзат «Царал бикьи», «Зах1маталъул х1инч1ги ч1ух1араб рузги» | 1 | Адабиял маргъабазул х1акъалъулъ лъай г1ат1ид гьаби; Ц1.Х1амзатил жидецаго ц1аларал маргъабазул анализ гьабун бажари; гьезда жаниб малъи баян гьаби; инсанасул г1умрудул маг1на зах1мат бук1ин бич1ч1и | Ц1алдохъабаз анализ бит1ун гьабиялъул хал гьаби | Батирайил х1акъалъулъ ц1ализе, гь.74-75 |
| ***Дагъистаналъул халкъазул адабиялдаса*** | | | | | |
| 11 | Батирай «Бах1арчиясул х1акъалъулъ» | 1 | Батирайил х1аракаталъул авалияб баян; гьесул асаразул аслияб тематика рагьи; «Бах1арчиясул куч1дул» маг1наяб рахъ | Батирайил х1акъалъулъ адабияб диктант, цоцояз рокъоб ц1а- | «Бах1арчиясул х1акъалъулъ» рек1ехъе лъазабизе |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | рагьи; гьезул г1уц1и баян гьаби; авторасул каламалъул гъварилъи, къокълъи бихьизаби; Батирайил заманалда Ват1ан ц1униялъул к1вар рагьи | лараб мух1-канго бицина | |
| 12 | Йирчи Гъазахъ «Икъбал» | 1 | Йирчи Гъазахъил х1аракаталъул х1акъалъулъ авалияб баян; Гъазахъил заманалъул сурат цебеч1езаби; гьесул асаразулъ мискиназул г1умруялъул кьог1лъи рагьиялъул къаг1ида баянгьаби; коч1олаб асаралъул г1уц1и такрар гьаби | «Бах1арчиясул х1акъалъулъ» рек1ехъе бицине Цере малъарал асаразда т1асан к1алзулаб тест | «Икъбал» пасих1го ц1ализе, маг1наяб анализ гьабизе лъазе. «Къисмат бит1ич1ев мискинчи» сочинениялде х1адурлъизе, материал бак1аризе |
| 13 | ***Калам цебет1езаби*** Сочинение «Къисмат бит1ич1ев мискинчи» | 1 | Ц1аларал асаразда т1асан жиндирго пикру хъвавулаб каламалдалъун загьир гьабиялъул бажари куцай; асаралъул мац1алдаса пайда босизе ругьунлъи; Ват1ан бокьи куцай | Сочинение хъваялъул х1асил | Сочинение хъван лъуг1изабизе |
| ***XX г1асруялъул адабият*** | | | | | |
| 14 | Ц1адаса Х1амзат. Г1умру ва х1аракат | 1 | Ц1адаса Х1амзатил х1аракатгун г1ат1идаб лъай-хъвай; Х1амзатил г1умруялъул ва цере малъарал асаразул релълъенлъи батизе бажари; жакъасеб г1елалъе Х1амзатил г1умруялъул мисалалъул к1вар бич1ч1и | Т1ехалдаса хабарияб асар ц1алиялъул хал гьаби (минулда жаниб 100-110 раг1и) | Ц1.Х1амзатил х1акъалъулъ бат1и-бат1ияб баянал данде гьаризе; хрестоматия: гь.87 - 92 б.лъаз. |
| **3 четверть – 11 саг1ат**<br>*Асарал лъазаризе – 8 саг1ат*<br>*Класстун къват1исеб ц1али – 1 саг1ат*<br>*Калам цебет1езаби – 1 саг1ат*<br>*Халгьабиялъул х1алт1и – 1 саг1ат* | | | | | |
| 15 | Ц1.Х1амзат.Лирика. «Шамил», «Чодул бет1ергьанасде» | 1 | Х1амзатил х1аракаталъул х1акъалъулъ лъай г1ат1ид гьаби; гьесул асаразул ц1ияб рахъ рагьи; нилъер Ват1аналъул тарихалдехун гьесул бугеб бербалагьи бича-чвай | Ц1адаса Х1амзатил х1акъалъулъ гьабураб к1алъаялъе къимат кьей «Шамил»,«Чодул бет1ергьанасде» куч1дузул художествияб анализалъулъ г1ахьаллъи | «Шамил», «Чодул бет1ергьанасде» дурун ц1ализе, маг1на лъазе |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | борцин | |
| 16 | Ц1.Х1амзат . Басняби:«Пилги ц1унц1раги», «Маймалакги ц1улал устарги» А.теория. Баснялъул х1акъалъулъ. Аллегория | 1 | Баснялъул х1акъалъулъ авалияб лъай; Х1амзатил баснябазулъ дарсал рича-чвай; нилъер г1умруялъе Х1амзатил дарсазул к1вар бич1ч1и; баснялъулъ аллегориялъул к1вар бихьизабун бажари. | Х1амзатил х1аракаталда т1асан т1олгоязе тесталъул х1асил | «Пилги ц1унц1раги» рек1ехъе лъазабизе |
| 17 | Заид Х1ажиев. «Ханч1ик1к1ал» | 1 | Заид Х1ажиевасул х1акъалъулъ къокъабго баян лъай; «Х1анч1и-к1к1ал» баснялъул идеяб анализ гъаби; инсанасе хасият куцаялъе асаралъул к1вар бич1ч1и | «Пилги ц1унц1раги» рек1ехъе ц1али | «Х1анч1ик1к1ал» идеяб маг1на рагьизе ва сипатияб мац1 бат1а гъабун бажаризе |
| 18 | Заид Х1ажиев «Цакьуги циги» А.теория. Метафора | 1 | «Цакьуги циги» баснялъул маргьаялдаса бат1алъи лъай; инсанасул хасият куцаялъе асаралъул бугеб к1вар бихьизаби. Метафораялъул х1акъалъулъ лъай г1ат1ид гъаби | Карточкаби (адабияб тео-рия лъаялда т1асан) «Х1анч1и-к1к1ал» баснялъул тема ва идея рагьи | «Цакьуги циги» маг1-наяб анализ гъабизе бажа-ризе. Метафоралъул х1акъалъулъ баян рек1ехъе лъазабизе. Х.Заловасул «К1ал ккураб гъалбац1» ц1ализе |
| 19 | ***Класстун къват1исеб ц1али.*** Х1ажи Залов «К1ал ккураб гъалбац1» | 1 | Жалго жидедаго ч1ун ц1алараб асралъул анализ жидецаго гъабиялъул бажари цебет1езаби; баснялъул маргьаялдаса бат1алъи бич1ч1и | «К1ал ккураб гъалбац1» асаралъул маг1на рагьи | Баснябазул ва маргьабазул х1акъалъулъ щвараб лъай такрар гъаби. «Дие щварал дарсал » абураб сочинениялде х1адурлъизе |
| 20 | ***Калам цебет1езаби*** Сочинение «Дие щварал дарсал» | 1 | Маргьабаздаса ва баснябаздаса жидеего щварал дарсазул х1исаб гъаби; гьелъул х1акъа-лъулъ пикру хъвавулаб каламалъулъ загьир гъабун бажари; | Сочинение, т1алабал ц1унун, хъваялъул ва гьениб тема рагьиялъул хал гъаби | Сочинение хъван лъуг1изабизе |
| 21 | Ражаб Динмух1амаев «Хиянатчи» Хабариял асаразул тайпаби | 3 | Ражаб Динмух1амаевасул х1аракатгун лъай-хъвай гъаби; К1В. рагъул цогидаб рахъ рагьи; Ват1аналъе хиянатлъарав къисасалдаса ворч1ун-гут1и асаралъулъ бихьиза-бун бугеб куц баян гъаби; | Хабарияб асар бит1ун ц1алиялъе къимат кьей | «Хиянатчи» асаралъул х1асил лъазе Хиянатчиясул сипат рагьизе бажаризе Хабариял асаразул тай- |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | ц1алдохъабазул Ват1анал-де рокьи ва тушманасде-хун рокьукълъиялъул асар ц1ик1к1инаби | | паби гъезул жанразул х1акъалъулъ лъазе |
| 22 | ***Халгъабиялъул х1алт1и*** | 1 | Щвараб лъаялъул даража борцин | Халгъабия-лъул х1ал-т1ул х1асил | |
| 23 | Расул Х1амзатов. Г1умру ва хъвадарухъанлъи | 1 | Расулил х1акъалъулъ лъай г1ат1ид гьабизе; Дагъистаналъулъ адабияталъулъ гьесул бугеб к1вар баян гьабизе; презентация г1уц1иялъул х1албихьи | Расулил х1а-къалъулъ 5 классалда щвараб лъаялда т1а-сан презен-тация г1уц1и-ялъулъ жи-гарчилъи борцин | Расулил х1акъалъулъ к1алъаял х1адуризе б. илр. |
| **4 четверть – 8 саг1ат**<br>*Асарал лъазаризе – 6 саг1ат*<br>*Халгъабиялъул х1алт1и – 1 саг1ат*<br>*Нахъхьтей – 1 саг1ат* | | | | | |
| 24 | Р.Х1амзатов «Россиялъул солдатал» | 1 | 5 классалда Расулил х1а-къалъулъ лъараб рак1алде щвезаби; гьесул асаразулъ рагъул тема рагьиялъул къаг1ида бихьизаби; поэ-маялъул х1акъалъулъ ава-лияб баян; нилъер халкъа-лъул тарих лъай; бах1ар-заздаса ч1ух1иялъул асар ц1ик1к1инаби | Расулил х1акъалъулъ докладал | «Россиялъул солдатал» поэмаялъул художествияб анализ гьабизе бажари |
| 25 | Р.Х1амзатов «Къункъраби» | 1 | Расулил асаразулъ К1В рагъул тема рагьи; «Къункъраби» кеч1алъул тарих лъай; Ват1ан бокьиялъул, г1агараб мац1алде лъик1аб бербалагьиялъул даража борхизаби | Коч1ол анализ гьаби | «Къункъраби» рек1ехъе лъазе |
| 26 | Фазу Г1алиева «Дир рахьдал мац1» | 1 | Фазу Г1алиевалъул х1аракатгун лъай-хъвай гьаби; аваразул советияб адабияталъулъ Фазул бак1 бихьизаби; гьелъул асаразулъ рух1ияб рахъ борхиялъул маг1на рагьи; мац1 гьеч1они, миллат гьеч1олъи ц1алдохъабазда бич1ч1и | «Къункъ-раби» кеч1 рек1ехъе бицин | «Дир рахьдал мац1» идеяб маг1на рагьун бажаризе |
| 27 | Х1усен Х1ажиев «Г1алибегил къулг1а» | 1 | Х1усен Х1ажиев – сове-тияв хъвадарухъан,гьесул асразул аслияб тема рагьи; «Г1алибегил къулг1а» асаралъулъ т1абиг1ат ц1у- | «Дир рахьдал мац1» коч1ол г1уц1иялъу-лаб анализ, гьениб сипа- | «Г1алибегил къулг1а» къисаялъул х1асил лъазе |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | ниялъул ва гьеб бокьи-ялъул тема рагьи; пейза-жалъул х1акъалъулъ лъай щула гьаби | тияб мац1 би-хьизаби Хабарияб асар бит1араб интонациялда ц1алиялъул хал гьаби | |
| 28 | Мух1амад Г1абдулх1алимов «Госпиталалъул вас» | 2 | М.Г1абдух1алимовасул х1аракаталъул х1акъалъулъ къокъаб баян лъай; К1В рагъда нилъер халкъ бергьиналъе гьит1ичазул бак1; нилъер заманалда бах1арчиясул сурат цебеч1езаби; Ват1ан т1егьаялъе нилъер бут1а бич1ч1и | «Г1алибегил къулг1а» асаралъул художествияб анализ, карточкаби<br><br>«Госпиталъул вас» асаралда т1асан гара-ч1вари | «Госпиталалъ ул вас» къиса-ялъул х1асил лъай, гьелъул идеябгун – ху-дожествияб анализ гьаби-зе бажаризе ***Р.соч.*** «Дир хъизаналда орден » |
| 29 | Х1асил гьабиялъул дарс | 1 | Малъараб г1амгьаби; адабияталъул дарсаздаса щвараб лъаялъул х1акъ-алъулъ пикру баян гьабун бажари; дарсаздаса жив-живас босараб пайдаялъул бицин; гара-ч1вариялъулъ г1ахьаллъи гьабун бажари | К1алзулаб гара-ч1вариялъулъ жигарчилъи бихьизаби | Каникулазул заманалда жидецаго ц1ализе асаразул сиях1 кьела |
| 30 | Резерв (нахътей) | 1 | | | |

## Ц1алдохъабазе литература:

Авар адабият. Учебник-хрестоматия. 6 класс. Махачкала. ООО «Издательство НИИ педагогики», 2006

Авар адабияталъул чирахъ. 6 класс. Класстун къват1ибехун ц1алиялъул т1ехь. Мах1ачхъала Дагъучпедгиз, 1992

Халкъияб хазина. Мах1ачхъала. НИИ педагогикаялъул издательство, 2002

## Муг1алимасе литература:

Мух1амад-Расул Усахов Авар адабият цебет1еялъул тарих. Мах1ачхъала, 2006

А.Гь. Х1амзатов. Школалда авар халкъалъул к1алзул гьунаралъул асарал малъи. Мах1ачхъала Дагъучпедгиз, 1990

А.Х1амзатов. Адабияб г1елмуялъул терминазул словарь. Мах1ачхъала, 2013

Х.М.Хайбуллаева. Изучение произведений дагестанского фольклора в школе. Махачкала. Дагучпедгиз, 1990

**Материалалдалъун ва техникиял алатаздалъун хьезари:**

- мультипроектор
- интерактивная доска
- фонохрестоматия
- компьютер
- дирго дарсазул разработкабазул дискал
- электронияб адрес